

De siklòn ki afekte yo - Sa ou dwe konnen

Release Date: Janvye 9, 2023

BRANDON, Fla. – FEMA ta renmen raple sivivan yo lè yo deklare de oswa plis katastwòf nan menm eta a, FEMA asire sivivan yo resevwa tout asistans ki elijib pandan y ap anpeche yon repetisyon nan benefis federal yo. Youn nan fason ajans lan reyalize sa se pou mande yon aplikasyon separe pou chak katastwòf. Si ou gen domaj oswa pèt pwopriyete nan lan epi apre sa ankò nan Nicole, w ap bezwen ranpli de aplikasyon separe asistans pou katastwòf.

Pwopriyetè kay ak lokatè yo gen jiska 12 Janvye 2023 pou aplike pou pèt oswa domaj pwopriyete siklòn lan te koze; pwopriyetè kay ak lokatè yo gen jiska 13 Fevriye 2023 pou aplike pou pèt oswa domaj pwopriyete siklòn Nicole te koze.

Sivivan ki te gen domaj akòz katastwòf la oswa pèt nan nenpòt siklòn ka aplike pou asistans federal pou katastwòf nan plizyè fason:

- Rele Liy Èd FEMA nan **800-621-3362**. Èd disponib nan pifò lang. Nimewo gratis yo louvri chak jou soti **7 a.m. rive 11 p.m. ET**
- Ale sou entènèt nan DisasterAssistance.gov (an panyòl tou)
- Telechaje [aplikasyon mobil](#) FEMA (an panyòl tou)
- Vizite yon Sant Rekiperasyon Dezaz. Ou ka chèche yon sant ki tou pre nan [paj sant rekiperasyon pou katastwòf](#)

Èd FEMA ka gen ladan sibvansyon pou lojman tanporè pandan w pa kapab abite lakay ou, tankou asistans lojman tanporè oswa ranbousman pou depans otèl pou pwopriyetè ak lokatè; sibvansyon pou sipòte reparasyon oswa ranplasman kay pwopriyetè ki okipe yo ki sèvi kòm rezidans prensipal kay la, ki gen ladan wout aksè prive yo, tankou antre kay, wout, oswa pon; ak sibvansyon pou depans akòz katastwòf ak bezwen grav, tankou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete pèsonèl ak machin, lajan pou demenaje ak depo, medikal, dantè, gadri ak lòt atik divès ki te apwouve davans.

Aplikan yo ta dwe kenbe enfòmasyon kontak aktyèl yo nan dosye FEMA a paske ajans la ka bezwen pwograme yon enspeksyon kay oswa jwenn plis enfòmasyon.



FEMA

Page 1 of 2

Asistans pou katastwòf se pa yon ranplasan pou asirans epi li pa kapab konpanse pou tout pèt ke yon katastwòf koze. Asistans la gen entansyon satisfè bezwen debaz yo epi konplete efò rekiperasyon aprè katastwòf.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre siklòn Ian ak Nicole, vizite floridadisaster.org/info ak fema.gov. Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\)](https://twitter.com/femaregion4) / Twitter ak sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2